

Chè manm respekte Kominote Tufts Medical Center:

Dènyèman, [Administrasyon Manje ak Medikaman \(FDA\)](#) ak [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(CDC\)](#) otorize ak rekòmande mizajou ranfòsman vaksen COVID-19 Moderna ak Pfizer. Ou ka tcheke [sit entènèt CDC](#) pou plis detay.

Apati lendi 12 septanm, Tufts Medical Center pral kòmanse administre nouvo ranfòsman vaksen COVID-19 yo nan klinik nou an ki nan lis anba a:

### **Klinik Vaksinasyon ak Depistaj COVID-19 Tufts Medical Center**

276 Tremont Street

Boston, MA

Lè: Lendi pou rive Vandredi, sòti 8 maten - 5 apre midi

Vizitè yo ka vini. Pa bezwen gen randevou.

Anba se kèk kesyon ki poze souvan sou nouvo ranfòsman yo.

## **Kisa ki diferan nan mizajou ranfòsman COVID-19 yo?**

Mizajou ranfòsman yo “bivalan.” Vaksen bivalan yo pwoteje kont de (2) viris diferan oswa de (2) souch yon menm viris. Mizajou ranfòsman yo gen ladan yo fòmilasyon orijinal vaksen an plis konpozan ki sible nouvo sou-varyan omikwon BA.4 ak BA.5. Sou-varyan sa yo reprezante plis pase 99% souch nan sikilasyon.

## **Kiyès ki elijib pou pran yon mizajou ranfòsman?**

Ou elijib pou mizajou ranfòsman an si:

- Ou te pran yon [seri vaksinasyon primè](#) vaksen COVID-19 la, **AK**
- Omwen 2 mwa te pase depi denyè dòz seri vaksinasyon primè ou oswa dòz ranfòsman.

Endividi yo elijib pou mizajou ranfòsman an kelkeswa kantite piki ranfòsman yo te pran avan.

## **Èske mizajou ranfòsman yo apwouve pou tout gwoup laj?**

- Ranfòsman bivalan COVID-19 Pfizer a apwouve pou tout moun ki gen laj soti **12 lane ak plis**.
- Ranfòsman bivalan COVID-19 Moderna a apwouve pou tout moun ki gen laj soti **18 lane ak plis**.

## **E pou timoun ki gen 5-11 lane yo?**

Ranfòsman orijinal Pfizer a rekòmande pou timoun ki gen 5-11 lane yo.

## Èske ranfòsman avan yo toujou disponib?

Avèk apwobasyon mizajou ranfòsman FDA a, vaksen orijinal COVID-19 yo [pa apwouve ankò](#) kòm ranfòsman pou moun laj 12 an ak plis. FDA te pran desizyon sa a paske mizajou ranfòsman an fèt pou l ofri plis pwoteksyon kont varyan omikwon k ap sikile a. Klinik Vaksinasyon Tufts Medical Center a toujou ap bay timoun ki gen laj 5 a 11 lane ranfòsman orijinal la.

## Kisa pou m fè si mwen poko resevwa seri vaksen primè COVID-19 yo?

Ou ka pran vaksen orijinal yo pou seri vaksen primè ou la nan Klinik Vaksinasyon Tufts Medical Center a. Pou plis enfòmasyon sou seri vaksen primè COVID-19 yo, vizite sit entènèt [CDC a](#).

## Ki kote mwen ka jwenn yon mizajou ranfòsman apa nan Tufts Medical Center?

Pou jwenn yon anplasman ki pi pre lakay ou, ale sou [vaxfinder.mass.gov](#). Ou ka voye tèks kòd postal ou tou nan 438829 oswa rele 1-800-232-0233.

Pou plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 yo, tanpri vizite sit entènèt nou an [isit la](#). Ou ka jwenn repons pou lòt kesyon tou [isit la](#).

Mèsi paske w se yon pasyan ki gen anpil valè nan Tufts Medical Center.

### **Gabriela M. Andujar Vazquez, MD**

Medsen Tretan

Direktè, Pwogram Vaksen Kont Covid-19

Epidemyolojis Lopital Asosye

Direktè Asosye, Entandans Antimikwòb

Divizyon Medsin Jeyografik ak Maladi Enfektye

Tufts Medical Center

Pwofesè Adjwen an Medsin

Tufts University School of Medicine